

RAGAD ADVERTENTIE:
Kabar premili: 1 — 30 temboeng f 1.
Langkoengpoen, saben 10 temboeng oetawi
kirang: f 0,50.
Advertentie limrah: f 0,15 sgaris;
(apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-
pisan, oetawi moendoet dadas lenganan,
teping rembag roemijin kalijan admini-
stratie.

Hoofdredacteur:
B. SOEMARNA
kabantoe
REDACTIE - COMMISSIE.

SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemoewah.

ISINIPOPEN:

Cantardo Ferrini — Pambantoenipoen Paréntah — Joga angangga jogi — Pinter kënging, nanging sampoen djoelig — Woelangan Gending ing N. S. Moentilan — Tetingalan — Kabar saking Poerwedojo — Loerah terpeladjar — Doekoen — Patronaat ing Malang — Pangroekti-Laja Semarang — Wawasan boekoe — Poespita mantja warna — Ontjén sekar gambar melati — Oerap-sari — Correspondentie.

PRADJA RAHAJOE.

CONTARDO FERRINI.

Contrado Ferrini poenika satoenggiling sardjana Itali ingkang sake-langkoeng damang dateng kawroeh babadipoen Pranatan Roem. Koentjaran asmanipoen sang wijnasis loemandjak dateng pradja poendipoendi adamel tjingaking ingkang sami poetoes Pranatan. Nanging soewoering asma waoe langkoeng-langkoeng saking goenging kasoejianipoen, malah manoet pangandikanipoen pijambak, inggih soegengipoen oetami, poenika ingkang mikoeuti panggajoehipoen dateng kawitjaksanan.

Reringkesan soegengipoen Ferrini awoedjoed: sregep sinaoe, sembah-jang lan ngangen-angen, keplok kalijan paseksènipoen ingkang sami tepong; déné moeloeking gagasan bab toedjoening ngagesang mitrani-poen ting Paulo Mapelli lan Vitorio Mapelli ingkang sami nekseni, djer kakalihipoen, langkoeng-langkoeng Paulo Mapelli kerep sami tampi serat iki krenteg lan osiking pangalihipoen.

a. Timoeripoen Contardo Ferrini. Mijosipoen C. Ferrini wonten kala Milan kala soerja kaping 4 October 1859; ingkang rama Rinaldo Ferrini dados mahagoeroe 40 taen laminipoen wonten pamoelangan loehoer bab Teknik; karanganipoen boekoe misoewoer sanget nama: "Tecnologia del Calore" lan "Elettricità e Magnetismo." Iboenipoen sesilih Luigia Buccellati, soeti sa-
nget; pandjenenganipoen poenika kagoengan sadérèk 24, sadaja sami dados prijantoon misoewoer-misoewoer.

Contardo katjarios loeloet sanget kalijan ingkang rama lan sepisanan kémawon dèréng naté damel roentikipoen ingkang iboe.

Nalika pandjenenganipoen sinaoe wonten ing Instituut Bocelli ing salebetipoen 5 taen kerep welas dateng goeroenipoen awit sami boten agami. Saking pamoelangan ngriki neroesaken 3 taen malih ing pamoelangan Lyceum Beccaria. Sanadjan watekipoen djatmika sa-
nget, éwasamanten pitepangipoen kalijan kantja-kantjanipoen njen-
aken blaka soeta, barès koerés, na-
nging datego rembag ingkang njembir singet ndjereng sanget.

Contardo wiwit kala samanten sampoen remen sanget dateng kawroeh kasoesastran tandanipoen sre-
gep sanget ngrawoehi pakempalan-
ipoen Widyastra ingkang anama "Alessandro Manzoni" lan sanadjan basa Jahoedi lan Siriah poenika saklangkoeng angèl, sami dipoen-sambi-sambi ngantos saged maos kanti gampil ngertos isining serat bisa kekalih.

b. Mahasiswa ing Pavia. Kala taoen 1876 sapoetoesipoen pasinaonan Gymnasium Contardo pindah dateng pamoelangan loehoer ing Pavia perloe njinaoe bab Pranatan Roem poesakanipoen bangsa Itali.

Estoenipoen Contardo boten na-
moeng ndjangka serat pratanda, nanging langkoeng inggil malih toe-
djoening karsanipoen, pandjeneng-
anipoen badé ngaroh poelihing koen-
tarinipoen tanah woetah-rah, awit manawi ngraosaken tansah mindak karanta-ranta, déné manawi tjiang Itali badé njinaoe Pranatan Roem kanti nelas kedah dateng negari mantja dateng tanah Djerman.

W. S. — P.
Badé kasambet.

PAMBIJANTOENIPOEN PARÉNTAH.

Ing ontjén sekar gambar melati Sw. T. no. 32, sadérèk Patjar merah ngandaraken jén: gandeng kalijan lelampaan itjalipoen laré Salam (Kedoe Tj.) s.k. Het Nieuws van den Dag njarijosaken: mireng rembagipoen tjiang ingkang nedja ngleboer padagangan waoe (padagangan laré estri. Tj.) boten poeroen njamboet damel sasarengan kalijan paréntah. Kawontenan poenika ladjeng dipoengetoeni Het Nieuws. Saladjengipoen Het Nieuws mrajogékaken sanget soepados C. P. P. A. salebetipoen toemandang damel poeroena neda pitoeloenganiipoen poelisi toewin prijantoon pangrèh pradja.

Sanadjan sad. Patjar merah oegi mireng saking swantenipoen salah satoenggiling warga, ingkang ing semoe pandakwanipoen Het Nieuws waoe njata. Éwasemanten koela gadah kejakinan jén pandakwanipoen Het Nieuws waoe boten njata alias goroh; djer koela njipati pijambak gandengipoen pangrèh C. P. P. A. kalijan prijantoon pangrèh pradjaing Salam ing ngatasipoen pangoe-
roesing laré Salam ingkang itjal roemijin. (laré waoe sapoenika sampoen pinanggih, anggènipoen itjal namoeng tigang daloe, pinanggihipoen wonten dépo Kemetiran Djokja Tj.) Dados getoeniopoen Het Nieuws waoe kénéng koela wastani tanpa teges, éwasamanten inggih dados tanda jekti jén Het Nieuws ngangkah lan mrajogékaken soepados golongan Co.

H. TJITRA.

ECONOMIE.

JOGA ANGANGGA JOGI.

Babagan economie.

Kados ingkang sampoen kasbat ing serat-serat kabar, ombjakning djaman semangké, prasasat mèh saben panggènan inggih kita, inggih doesoen, sampoen katah pakempalan - pakempalan cooperatie (dagang baton) njèlèngi lan sapanoenggila-
nipoen ingkang kaedegaken, ingkang toedjoenipoen badé njaékaken economie-nipoen.

Para pengandjoer-pengandjoering kaoem terpeladjar Indonisier, sampoen lami kedjawi sami ngawontenaken pakempalan politiek, oegi sami ngoedi soemedya njaékaken economienipoen bangsa kita. Déne mengkah anggènipoen badé njaékaken waoe mawi sarana warni-warni kadosta:

Ngoedi soedaning tjatjahoipoen lintah darat, sarana ngawontenaken pidato-pidato, lan menggak dateng bangsa kita anggènipoen remen lan tansah njelaki dateng lintah darat waoe.

Ngedegaken pakempalan dagang ingkang ngemoengaken namoeng känggè tjiang Boemipoetera (Madeg ing taoen 1928 wonten ing kita Soerabaja, kanamakaken Setia). Pamendetipoen pawitan sarana njadé serat aandeel.

Kedjawi poenika oegi taksih katha srana sanèsipoen malih.

Jén nitik Kawontenan-kawontenan ing nginggil waoe ndadosaken bingah lan mongkoging manah kita, déne bangsa kita Indonisier ingkang soewaenipoen sami dipoen wastani ringkih ing bab economienuipoen déning bangsa sanès, sapoenika sampon katalah ingkang sami karsa goemrégh toemandang badé ndadosi.

Ombjakning sakatahipoen pakem-
palan politiek, sinarengan madjeng-
ing pakempalan ingkang toedjoenipoen badé njaékaken economie. Ing

Jén namoeng ngambah ing kala-
ngan politiek kémawon, tanpa ngé-
ngerti dateng srana, margi lan gegar-
anipoen, ing ngrikoe satemah ka-
politiek waoe badé . . . nihil, wohipoen.

O, moegi Indonesia sageda tan-
saha mindak adjenging pakempalan
kalih waoe. Lan bangsa kita Indo-
nesier sageda mindak-mindak ing-

kang sami insjaf (ambetahaken) dateng pakempalan kalih waoe, inggih pakempalan politiek inggih pakem-
palan economie.

Lha, sapoenika kangé golongan
kita gotrah Katholieke kados-poendi?

Poenapa inggih badé tansah kén-
del kémawon lan karsa kantoon kalijan golongan sanés anggènipoen

nggoedi dateng saéning économie?

Leres, sapoenika kita sampoen
gadah pakempalan sociaal (K. W. P. K. W.) lan oegi pakempan pol-
litik (P. P. K. D.), ingkang dados tetaméng, tetoenggoel poenapa malih
ingkang saged ngijataken actie kita
gotrah Katholieke.

Nanging poenika poenapa boten
nama taksih koetjiwa, jén kita go-
trah Katholieke boten ngawontenaken
pakempalan malih ingkang midji
kangé njaékaken economie lan
ndjagi saéning gesang kita?*

Ing woesana soemangga kita
borongken doematen para maos toe-
win para pangarsaning tjabangipoen
pakempalan kita K. W. P. K. W. da-
lah P. P. K. D.

Noewoen. Aksamanta
Percy Blakeney.

KOEROE SÉTRA.

PINTER KÉNGING, NANGING SAMPOEN DJOEELIG?

(sadjawining tanggelan redactie).

Wonten lelampaan ingkang saé
toewin boten poenika saking kinten
koela namoeng margi kempalanipoen
(omgang). Noedoe satoenggiling dinten
koela ketamoean tjiang nami Kadji
Aboe Kasan, madoelaken déne
pijambakipoen tansah boten kendat
kelebon tjina goendoelan kémawon.

Pak kadji waoe gegria ing doe-
soen Kebaledan (Brebes), gadah anak
djaler nama KADJI Sirad grija ing
Brebes.

Kinten-kinten sampoen ragi dangoe
sapriki Kadji Sirad gadah manah badé
apoes-apoes dateng tjiang sepoeh-
(Dados boten males malah . . .).
Mekaten waoe kelampah. Kadji Sirad
manggih tjiang sepoehipoen, nedya
kapoerih nekseni anggènipoen njam-
boet arta f400 (sekawan atoes roe-
pijah) dateng bah Kong Heng meu-
belemaker ing Tegal. Sanadjan laré
waoe sampoen sering-sering lampah
makaten, nanging poen bapa taksil
gadah kapitadosan dateng anak. Kadji
Aboe Kasan teroes téken porot
ing serat katrangan (acceptatie). Sa-
ring sampoen sawatavis woel-
bah Kong Heng nagihipoen boten
dateng anak nanging dateng bapak.
Pogn bapa tetep boten poeroen, mar-
gi boten roemaos nganggé artani-
poen. Prekawis poenika ngantos dat-
eng pengadilan lan woesana Kadji
Aboe Kasan kapoer toes mbajar, jén
boten poeroen badé poen beslag, ge-
gaduhanipoen. Lan pinarangan tempo
14 dinten, bok bilih Pak Kadji Aboe
Kasan badé damel persét (request).

Dados jén makaten, saged oegi
ing acceptatie-nipoen babahé makaten:

"Saja bernama Aboe Kasan, me-
rasa pindjam wang (dados
boten saja bernama Hadji Sirad).
Nalika samanten pak Kadji manah
boten kantanen.

— Sigeg —

Ing satoenggiling dinten wantji
sijang ± djam 10, pak Kadji Aboe
Kasan ketamoean, tjiang djaler, ng-
agem stelan, katja mripat njangking
tasch. (Nalika datengipoen tjiang
poenika poen pengarang inggih njoe-
merepi nganggé mripatipoen pijam-
bak, malah koela wastani Babahé
maoe nagih rekening).

Wonten ngrikoe ngakenipoen
Meester (apokat). Pak Kadji saweg
ribot ngraosaken prakawis ndadak
ketamoean pokroel. Lan njrijosaken
jén badé dipoenbeslag poenapa.
Waah la kaleresar; pokroel ladjeng
tjiang: "Pak kadji jén sampéjan badé
dibeslag wah soesah banget, sebab
pari-pari niki pripoen? (Nalika sa-
manten saweg panèn). Hla saniki
koedoe énggal gawé presét; soepaja
adja nganti dipeslag. Prakara gawé
koela saged, moeng mawon nganggo-

" Roeti Woeri? Red.

REGINIOEN LENGGANAN

SWARA-TAMA

1 taoen	f 6,-	njoewoen kabajar
1/2 "	f 3,-	
3 woelan	f 1,50	roemijin.

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.

Telefoon no. 885.

Drukkerij "Canisius" Djokja.

ongkos f 30 — (tigang dasa roepijah),
f 23 kangé ongkos landraad.

f 2 kangé toembas zegel.

f 5 kangé ongkos njerat.

Kesinggihan, pak Kadji Aboe Kasan namoeng saged mbajar f 25, lan
ingkang f 5 semados bédjing.

Pokroel bamboe sagah; teroes njerat
wonten zegel.

Sampoen rampoeng, pokroel wang-
soel, serat kabekta. Let 12 dinten
pak Kadji kedadengen Olivier badé
mbeslag saestoe. Kadji Aboe Kasan
kagét sanget. Dados terang jén serat
waoe boten loemebet ing post, na-
nging ing tasch-ipoen pokroel. Tan-
danipoen ngantos sapriki pokroel
adjrib nagih ingkang f 5 kantoonani-
poen. Pokroel waoe nama Bang
kasaran: grija ing Tegal. Saged oegi
poen Pokroel sampoen tjantél kalijan
Kadji Sirad oegi.

Inkang makaten waoe moegi
andadosna pangémoet-émoet dateng
para maos ingkang sampoen pepo-
tra; sampoen ngantos ingkang poe-
tra Lan oegi koela atoeri
ngatatos-atos jén ketamoean ngaten
poenika (Bekakas pekiran).
Noewoen koela
H. IJO TO?

VARIA.

WOELANGAN GENDING
ING N. S. MOENTILAN.

Djaman taoen '29 poen panjerat
ngalami angsal woelangan gending
Djawi wonten ing N. S. kasbat. Na-
nging réhning dèréng gadah dedasar,
dados inggih angèl mlebetting piwo-
lang. Éwa déne manawi wonten
feest ingkang kangé ramé - ramé
inggih sampoen loemajan.

Ing samangké, temtoenipoen woel-
angan gending ing N. S. kasbat
inggih taksih lestanto, mbockna-
malah saja mempeng, djalaran
sapoenika gamelanipoen dipoenpiara.
Kendang ingkang waoenipoen bedah
tjekap goendoel, samangké sampoen
wetah kanti saé. Gamelan baroet
ingkang kala semanten pating pléot,
tangoelipoen ingkang kangé ngré-
ntengi pating sréndil, sapoenika sampoen
kompleet; lan gamelan baroet
ingkang waoenipoen prasasat boten
kopén waoe, samangké malah kerep
dipoentoetoki, djalaran koeping
Djawi pantjé matokipoen dateng
slédro (baroetipoen laras slédro,
gamelanipoen ageng laras pélog).

Dadoeng ingkang kangé ngré-
ntengi tjiang Kjai Singa Moelja (naman-
ing gong ageng) dalah pak kempoel,
ingkang waoenipoen doek, samangké
santoon dodoeng saking benang abrit
soemringah komplit lan tamparing
wilahan baroet; dalah baroet waoe
ingkang waoenipoen taboehipoen
namoeng grésèk - grésèk, samangké
sampoen mrepak. Gamelan baroet
ingkang waoenipoen tanpa kendang,
sapoenika kendangipoen malah éng-
gal

SAKING PAKEM PALAN.

DOEKOEN.

Kala dinten Setoe sotent tg. 9-8-'30 tjabang P.P.K.D. Doekoent ngwontenaken parepatan warga sepiisanan: wonten ing pamelangan Vervolgeschool Doekoent, ingkang rawoeh warga bestuur pepek, kedjawé 2de. Commissaris, tamoe saking Moentilan 2. sedaja wonten prijantoen 10. Wakil prantah tw. A.W.* Watawis djam 5 parepatan kabik déning pangarsa mawi tata tjara Katholieck.

Ingkang karembag (Agenda).

1e. Pamkoek.
2e. Sesorahipoen R.M. Soerjamoersandi bab babadipoen P.P.K.D.

3e. Haking pakempalan.

4e. Pitakénan.

5e. Panoeop.

Sesorahipoen R.M. Soerjamoersandi bab babadipoen P.P.K.D. pandjang lebar damel manel koela sami.

Gandeng kalijan pakempalan R.M. Soerjamoersandi oegi ngandikakken pakempalan-pakempalan ing Indonesia; sak péraning ageng wonten kalih golongan inggih poenika:

1e. Kempalanipoen bangsa kilénan toewin 2e. Kempalanipoen bangsa Indonesiers.

Kempalanipoen bangsa kilénan oepami I.K.P.; V.C., I.E.V.: Europeesche B.B. ambtenaren toewin sanés-saniépoen.

Kempalanipoen bangsa Indonesiers oepami P.P.K.D. B.O.; P.P.P.K.I.; P.N.I.; P.S.I. toewin sanés-saniépoen

Pakempalan-pakempalan poenika mèh sedaja aktienpoen namoeng dedašar toewin tradjängipoen bédabédé.

Wonten ingkang dedasar:

a. kabangsas; (Nationaal).

b. Agami.

c. Sociaal.

d. Neutraal.

e. Non Coöperator.

f. Coöperator toewin sanés-saniépoen.

Tradjängipoen wonten ingkang:

a. Rikat sanget daja-daja gék kalakona.

b. Rikat mawi moelat.

c. Rindik.

Satoenggal - toenggaling pakempalan oegi dipoengandikakken kanti tjkak-aos.

Dedasaripoen pakempalan kita P.P.K.D. wonten 4 prakawis inggih poenika:

1e. Katholieck.

2e. Nationaal ingkang tjoendoek kalijan agami toewin kabangsas.

3e. Evolutie (boten kenging damel kapi-toenaning sanés).

4e. Coöperatief (njambouet damel sesarengan samenerwerkung).

Sesorahipoen R.M. Soerjamoersandi koela tjkak semanten kémawon; telas sesorahipoen wonten sadérék sawatasiswa njwoewno pirs warni-warni; spreker paring katrangan sak tjetja-tjetanipoen kanti legawaning panggalan; damel mareming prijantoen ingkang njoewoewn pirs.

Haking pakempalan kaandaraken toewan voorzitter tjkak-aos.

Watawis djam 7 parepatan katoetoep kanti wiloedjeng.

Verslaggever.
J. KOES.

*) mawi wonten aral preloe ragi telaat.

PATRONAAT ING MALANG.

Sampoen radi lami, pandjenenganipoen Fr. M. Augustinus, pengagengipoen pamelangan R.K. H.I.S. ing Malang, kagoengan karsa badé ngwontenaken pakempalan kangé laré-laré ingkang sampoen sami medal saking pamelangan waoe. Kala wonten parepatan goeoe, Frater pengagenging pamelangan ndjéntréhaken prakawis poenika klan-terang. Kados adat saben parepatan poenika dipoendjenjingu Ngarsa dalem Mgr. C. van der Pas kalijan satoenggiling pastoor ing ngriki. Sadaja ingkang wonten sami roedjoeck wontenipoen pakempalan waoe.

Ing salebietpoen woelan Juli ingkang sampoen kapengker poenika sampoen kalam-pahan para tilas moerid sami saged nglem-pak. Anggénipoen sami kempal kados déné nalika taksih sami dados moerid ing ngriki. Tjatjaihing ingkang dateng wonten 36. Samanen poenika wonten ingkang taksih sinaoe, oepaminipoen wonten M.U.L.O., wonten ingkang sampoen tjepong damel.

Pandjenanganipoen Mgr. C. van der Pas nerangken tjkak bab maksoedipoen sarta toedjenoipoen Patronaat. Ingkang dipoeng-wastani Patronaat poenika pakempalanipoen para moeda, ingkang mawi dipoengajomi salah satoenggiling tjiang soeti. Pangajomaning Patronaat ing ngriki St. Stanislaus. Ingkang dipenoedi inggih poenika kawiloedjengan-

TETINGALAN."

Wonten ing Swara Tama No. 32 tanggal 8 Augustus 1930 koela maos prakawis "Pasar malem", pawartos saking "De Koerier No. 95" martosaken, bilih Bestuur ing Ngajogjakarta mangsoelaken panjoewoenanipoen bangsa Tionghwa anggénipoen badé ngedegaken pekeu malem bén-djing woelan September ngadjeng poenika, malah mangsoelaken oegi panjoewoenanipoen Harmston's Circus; ingkang djalaran wontenipoen Bestuur mangsoelaken panjoewoenan bab karaméjan waoe, kabekta Bestuur menggalih kawontenanipoen ekonomie kawoelaing Ngajogjakarta.

Ingkang poenika waoe, koela na-moeng toemoet bingah toewin me-moedji, karsanipoen Pangréh ingkang kados makaten waoe moegi-moegi dadasa toeladanipoen Pangréh sanésipoen.—

Ing saréhning koela maos praka-wis kasebat nginggil, ing riki koela kapeksa oeroen-oeroen kabar:

Ing doesoen Gondang (sak Wétan Sragèn) satjelaking pabrik gendis Kedoengbanténg, sampoen kawartos, manawi ing rikoe (wekdal poenika) saweg risak ekonomienipoen djalaran woeloewedaling sabin kirang sanget tinimbang kalijan taoen ingkang sampoen-sampoen.—

Éwasamanten rikala woelan Juli 1930 wonten karaméjan barangtan ringgit tjiang laminipoen ± 1/2 woelan, sak bibaripoen ringgit tjiang, ing woelan Augustus poenika ladjeng wonten barangtan ketoprak.—

Waaah, kantong (wadah doeuit) sida lemes.—

reginipoen kartjis kémawon soe-pados kadawoehan damel mirah-mirahan, kados déné ing kita Ngajogjakarta bangsa ketoprak kartjis klas glodag namoeng ± 5 cent; soepados pak Singawonga boten mesakaken sanget-sanget. —

SINGGIH.

KABAR SAKING POERWARE-DJA.

P. Bl. martosaken:

1. Dérèng dangoen poenika Controleur peken ing Poerwareda tjiang Welandi lan Marktmeester ipoen tjiang Ambon sami dipoenkéndeli saking pangkatipoen, amargi kepriksa arta kas kepanggih kirang. Doe-moegi titi mangsa poenika teksih katabahan, dérèng wonten poetoesan.

2. Gegajoetan kalijan raja wiosan daalem Sri Maha Radja Poetri Wilhélminah sampoen djangkep 50 taoen joeswanipoen, bén-djing tanggal 31 Augustus ngadjeng poenika, sedaja sekolah Gouv. (angka II, vervolg-school, sekolah doesoan) sami badé tami paringan arta f5 saking negari, soepados kanggéa wragad toemoet ngramékaken raja wijosan 5 taoenan waoe.

Lan malih tami kabar jén badé wonten dawoeh, bilih wonten poen-doetan, bén-djing ing dinten ngleresi wijosan waoe, sedaja pendoedoek ing Poerwareda (tetijang Islam samia dateng mesdjid, tetijang Tiong Hoa dateng krenteng, tetijang Protestan toewin para sedérék Kath. dateng Gréja), soepados sami njenjoewonalan memoedja sageda S.M.R.P. Wilhélminah waoe pinandjangna ing joeswa lan sageda te-tepanggénipoen djoemeneng ngreng-gani Nata.

LOERAH TERPELADJAR.

Ing doesoan Baléredjo (Madijoen) wonten satoenggiling loerah klebet tjkap; kawertos sabinipoen kémawon 60 baoe. Gria toewin radjakajainipoen tirah katah.

Bab sembahang jén dong wonten sripah, prajogi wonten grijalang ing koeboeran, boten perloe wonten mergi, margi dérèng mangsainipoen, langkoeng² Semarang. Lampahing lajon sasaged-saged ingkang tamban, déné jén ingkang gadah akén rikat, margi saking wekdal oetawi sebab sanés, kenging kaseng-kakan.

Sed. Bratasoetédja oesoel: Bab lèk-lékan soepados giliran kados déné jén dong saos Sakramén Maha Soetiing Gréja, soepados ingkang kesiripan sampoen ngantos soewoeng bloeng. Nangning katalah sedérék ingkang boten tjtjog, margi katalah sanget kan-élan, langkoeng-langkoeng kanggénipoen sed. Semarang, grijalipon tebib-tebib. Oepami ingkang sripah sedérék Lemahempal (Sing. West), ingkang ketibaran serat melék djam 3 - 5 éndjing: koela, gria koela Semarang oost, éndjingipoen koela kedah nglam-padoh ajahan dienst djam 7 nampi telegram, dadasoemakidipoen rekaos.

Poetoesan: Präjogi kedah dipoenléki, nangning boten mawi regel: kowé mengko bengi meléka djam 3 - 5. boten nangning: Para warga kasoewoen kanti sangeet mboetjal mangélan sekedik merloka ngeléki.

Bestuur P.L. sagah toemoet ngrembag ta-ta-jaar Katholieck sesarengan kalijan commis-sie tata-tjaar Kath.

Sed. Nitihardja ngémoetaken sampoen ngantos kasoepén njembahangken ingkang ngadjad, boten kétang sak tjetjel.

Djam 10 plek, verg. katoetoep kados adat.

M.J.A.

vers. gev.

Surabaya.

*) Ing Ngajodja ngriki oegi sampoen wonten pakempalan kados makaten poenika, kanamakaken P.S.K. (Pakempalan Siswa Katholieck). Pendak Ngahad kapisan lan kempalan Red.

Mengah tjaranipoen ingkang sami remen ningali waoe (ingkang katabahan, dados boten sadaja ingkang sami mriskan, loo!) manawi boten gadah arta, sami pados samboetan, manawi pados samboetan boten angsal, inggih dateng poendi malih, boten sanés inggih dateng roemah gadé.

Ooo, mbok-mbok, gadènroe boorloo!! — Mengah ingkang sampoen koela soemerepi, tjiang - tjiang ingkang pantjén sami remen dateng tetingalan waoe, kadjawé risak ekonomienipoen, inggih wonten ingkang risak kae-meratanipoen; kadosta: laré oetawi tjiang éstri wonten ingkang gan-droeng kalijan speleripoen djalier; tjiang djalier wonten ingkang gan-droeng kalijan speleripoen éstri. Poe-napa boten memelaas. —

Koela pijambak inggih ngantos goemoen. Goemoen koela waoe: manawi sami kadawoehan nitjil paos sami semados, malah ngantos wonten Loerah doesoan dipoenkéndeli, dening prijantoen Bestuur ingkang ambawahaken, inggih djalaran saking tjiang alit katalah ingkang dérèng nitjil paos. Éwasamanten manawi wonten karaméjan, sak déngah klas mèh "vol" (kebak tjiang).

Tjiang ing rikoe pantjén katingal madjeng dateng tetingalan, kosok-wangsoelipoen ekonomienipoen inggih katalah ingkang pating rendil. —

Pramila saking panjoewoen koela bokbilish prijantoen Bestuur menggalih kawontenanipoen tjiang alit, ing tembé wingking, menawi ing rikoe kawontenaken karaméjan kados ingkang sampoen-sampoen.

Éwasamanten rikala woelan Juli 1930 wonten karaméjan barangtan ringgit tjiang laminipoen ± 1/2 woelan, sak bibaripoen ringgit tjiang, ing woelan Augustus poenika ladjeng wonten barangtan ketoprak. —

Waaah, kantong (wadah doeuit) sida lemes. —

reginipoen kartjis kémawon soe-pados kadawoehan damel mirah-mirahan, kados déné ing kita Ngajogjakarta bangsa ketoprak kartjis klas glodag namoeng ± 5 cent; soepados pak Singawonga boten mesakaken sanget-sanget. —

SINGGIH.

POESPITA MANTJA WARNA.

PANGOELIR OETEK.

motto: arti djempol,
arta nggrombol,
otot metékol.

Ingkang kamaksoedaken arti tje-kak-aosipoen sawarnining kapinter-an, arta sawarnining banda mas pitjis radjabrana, otot sawarnining tenaga.

Tjiang ingkang kadoenoeng arti djempol, nggadahi maksoed gadah kapinteran ingkang ngoeng-koeli sesami, dados oegi kenging koela sebataken linangkoeng oet. loear biasa: kadoenoeng arta nggrombol i.p. kasinoengan ngroem-paka, noempoek banda warni mas pitjis radjabrana ingkang langkoeng déning katah, kenging koela sebataken abanda — abando; kadoenoeng otot metékol, manawi tja-tjeg, prigel ing damel, boten mawang enténg-awratipoen, boten mawang kasar-aloesipoen dados kenging koela wastani boten nampik dateng sa-warnining padamelan.

Sapoena doekoeingin rembag.

Tjiang ingkang kawengkoe ing arti, arta, otot kempal dodos sa-toenggal, tami kabutuhan poenipa medali Merdika, djer poenapa kémawon ingkang badé kasedia mesti saged kadoemoegén, kapitoeroetan sadaja, mèh mokal ing mlesédipoen. Kosok-wangsoelipoen tjiang ingkang boten gadah salah satoenggiling tetiga poenika, temtoe boten badé saged begdja — é begdja malih begdja, tjlaka mesti — malah badé tami ploemeer Sangsara alas adji klaras pating sloewir.

Tjiang namoeng ketémpélan arti tok, poenika badé madjeng rekaos sanget mèh lir oepaminipoen tjiang boten gadah oentoe; kados - poendi sagedipoen?

Para maos temtoenipoen oegi sampoen jakin pijambak manawi saking kekijatanipoen arti kémawon boten badé saged adamel maremung manahipoen tetijang ingkang gadah sedia, djer gotanging arti lan otot

ingkang andjalarai.

Tjiang ingkang namoeng kege-dongan arta tok, poenika inggih oegi angébadé madjengipoen, djer sanadjan gadaha arta beriboe-riboe oetawi banda sanésipoen mateo-poek-toempoek, manawi oetekipoen kopong mesti badé telasiopen, boten kenging boten, langkoeng-langkoeng ing díaman samangké, lepat setindak — "abis kekajaan."

Tjiang namoeng gadah otot tok sangsaja angé sanget badé madjeng.

balan dateng kaboepatén Madijoen; kedah ngadep djam 8 éndjing;

Ing dinten katimbalan poenika oegi loerah énggal 1/2 sampoen

dipen-gek kaboepatén; (sampoen sadija).

Ing woesana dipointengga saéng-ga doemoegi djam 1/212 dérèng katimbalan ngadep (dérèng dipointeng-dange).

Poen loerah djengkél; ngraos menawi kenggé dolanan.

Dérèng ngantos ngadep bandara-kandjeng (dérèng pinanggih), poen loerah énggal dateng kantor telegram;

telegram dateng karésidénan, njoë-woen kändel, Toewan Resident ka-gét nampi telegrampoen loerah ex.

Commies. Ladjeng kaeroes poenapa sebabipoen, toewin manawi praka-wisan, kalijan sinten; toewin sinten ingkang lepat.

OERAP-SARI

(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS)

KABAR KATHOLIEK.

Pastoor Djawi kekalih.

Gandeng kalian pasrah-pasrahan pandamelan, rawoehipoen P. Djajasepoetra lan P. Soekiman wonten Ngajogjakarta, dipoenenggalaken doemawah wonten: dinten Setoe, tanggal 23 Agoestoes 1930.

Rawoehipoen andjoedjoeg wihara Kotabaroë.

Endjingipoen, Ngahad 24 Agoestoes, djam 6 endjing, Rama Soekiman n goendjoe kaken Mis Soetji wonten Gréda Kotabaroë, Rama Djajasepoetra wonten Gréda S. Joesop Kidoel Lodji.

P. Soekiman tjalon lengah wonten Ambarawa, P. Djajasepoetra, wonten Ngajogjakarta.

**

Medal Sw. T. poenika redactie, atas namanipoen para lengganan Sw. T., soemarambahipoen dateng sadaja gotrah Kath. Djawi, ngatoe-aken pambagia wilodjeng dateng pandjenenganipoen prijantoe Ngeelama kekalih kaseboet nginggil. Moegi rawoehipoen, anjawabana ajoenipoen noeswa Djawi, koentjaranipoen Indonésia.

Melaniaschool.

Kala tanggal 15 Agoestoes, pakempalan Melania ambikak sakolahanipoen éstri ingkang nomer kalih anama Mariaschool. Sakolahan waoe doemoenoeng ing kampoeng Keparakan Lor Ngajogjakarta. Rakitan lan woedjoedipoen saé, nengsemaken. Bikakaning pamoelangan dipoenregengaken sawatavis mawi kekidoengen Djawi toewin Walandi. Ingkang adjenengi bikaking pamoe-langan waoe, kadjawi wawakiling pakempalan-pakempalan, pandjenengnipoen Inspéktor Schalken toewin H. S. O. Wigjasaomarta. Manoet katrangan, sakolahan waoe sampoen gadah moerid 180.

Taoenan W. K. Ngajogjakarta.

Kala malem Ngahad 16/17 Agoestoes, Wanita Katholiek Ngajogjakarta ngawontenaken pista taoenan, mangèn ing dalemipoen sadérèk Soegiri. Ingkang rawoeh (± 300), kadjawi Rama Param Para, oegi oetoesaning pakempalan P. P. I. I. Wanita oetama, lss. Jaarfeest waoe pikantoek pasoembang sekar saking P. P. I. I. lan W. O. Saking Taman Siswa, pikantoek samboetan gangsa. Tetingalan ingkang koela pèngeti ing ngriki:

I. Djogèd rimpni, laré éstri alit-alit, adamel leganipoen para tamoe.
II. Tonil „Djagading Wanita“ anggeleraken Dèwi Marijah anggènipoen djoemeneng Ratoening Malaékat; Malaékat-Pamomong, lss.

III. Tablo, ingkang nedahaken bédanipoen roemijn kalijan sapoenika. Kalai roemijn, tjiang sami seneng manawi gadah anak katah, djaman sapoenika tetijang sami ngoedi anak sakedik. (— Gandeng kalijan prakawis tablo poenika, ing ngriki perloe sanget koela péngeti, bilih ing djagad Katholiek dipoenatjek-atjeki, ginantengan dosa ageng, babar pi-san boten kenging noelad pokalipoen djaman kenging moesibat, angemohi paparinging Allah-ingkang awoedjoed anak. Djagad Katholiek toemandang amerangi ébah-ébah ngirangi toe-roen poenika. Dados anggènipoen W. K. waoe mitontonaken tablo na-moeng loegoe anedahaken bédaning kawontenan roemijn kalijan sapoenika. Déné paoegeranipoen W. K. toemrap prakawis waoe, sampoen

lesti kémawon anggengèni paoe-geran Kth. kaseboet nginggil.

Sokoer bagé séwoe, déné toemrap prakawis toeroen poenika bangsa kita taksih kolot, tegesipoen boten ngemohi soegih anak. Kolotipoen prakawis waoe, pamoedji koela, les-tantoena salami-laminipoen. Sagedipoen makaten, doemoenoeng wonten kawaskitanipoen para pangandjoe-ring bangsa. Mila, langkoeng prajogi manawi prakawis waoe boten dipoen-epik-epik, awit sisib sembiripoen malah nalisip, dados kados ananem widji, alijas propagandah. Sedyanipoen badé merangi, wohipoen malah dawah kosok-wangsoel. —

IV. Vaandel (diwadja) W. K., di-nasaran baloedroe biroe ném rije-rijep angrsepaken, ing tengah wonten pepetanipoen Sang Kenja akalijan Poetra, dipoenésba rini Djawi. Djaraning vaandel waoe: Sang Kenja dados pangajomanipoen W. K., oet. Wanita Katholiek ngajom, bekti, ngabekti dateng Sang Kenja.

V. Lan sanès-sanésipoen.

**

Perloe koela atoeraken, bilih na-liká pésta W. K. waoe, katitik bilih baoenipoen golongan prija inggih toemoet tjantjoe ambijantoe, ngan-tos wonten prijantoe kakoeng (sa-tengah) sepoeh, ingkang kalebetan roh moeda, karsa angedali djodjé-dan, loetjon, toer katingal tjoe-tjoe. Poenika waoe amratandani: golongan prija poeroen angadjeng-aken madjenging wanita. Ingkang makaten waoe mila perloe sanget, djer adjenging wanita boten saged anilar prija, semanten oegi kosok-wangsoelipoen.

Prijantoe sepoeh ingkang si-noeksman roh moeda waoe, dadasa kajta benggalanipoen sadaja prija. Prikadjeng koela, boten kok sedaja kedah ladjeng kedah nglampahi kado pandjenenganipoen. Djer saben tjiang anggadahi poeloeng pijambak-pijambak. Tjekat waton pandjeneng-an: ambijantoe vrouwenbeweging ingkang nalar, ingkang laras! Koela poepoedji wilodjeng jangan taoenan W. K. waoe mitontonaken tablo na-moeng loegoe anedahaken bédaning kawontenan roemijn kalijan sapoenika. Déné paoegeranipoen W. K. toemrap prakawis waoe, sampoen

Prakawis sepoeh ingkang si-noeksman roh moeda waoe, dadasa kajta benggalanipoen sadaja prija. Prikadjeng koela, boten kok sedaja kedah ladjeng kedah nglampahi kado pandjenenganipoen. Djer saben tjiang anggadahi poeloeng pijambak-pijambak. Tjekat waton pandjeneng-an: ambijantoe vrouwenbeweging ingkang nalar, ingkang laras! Koela poepoedji wilodjeng jangan taoenan W. K. waoe mitontonaken tablo na-moeng loegoe anedahaken bédaning kawontenan roemijn kalijan sapoenika. Déné paoegeranipoen W. K. toemrap prakawis waoe, sampoen

saking ngandap poenika, teroesipoen wonten ing kolom nomer tiga waoe. Ing verslag P.B.M.T.S. kolom 4, larikan nomer 23 saking ngandap wonten oekara moengel makaten, néneman kedah njoemerepi kabar Indonesia“ poenika lepat. Leresipoen babad Indonesia.

Wasana, koela njoewoenaken pangapoentoen koréktor kita. (Redactie Sw. T.).

Boten angsal dados warga Gemeente Raad.

Sadérèk P. lengganan Sw. T. njerat makaten:

Ing Sw. T. tanggal 15 Agoestoes, wonten kabar petikan prakawis „anggènipoen sadérèk Soekardi sa-woeng Pasoendaan boten dipointampi datus warga Gemeente Raad, margi boten saged tjara Walandi, mawi kapratélakken boten wonten artikel ingkang nentjang warga Gemeente Raad kedah saged tjara Walandi. Malah Raad Kawaela kémawon inggih wonten warga ingkang omong mawi basa Majoe, mila pakempalan Pasoendaan protest.“

Prakawis basa Walandi ing Ge-meente Raad, poenika para maos koela atoeri mirsani Ordonantie 27 Agoestoes '26, ingkang kamot ing Staatsblad 1926, no. 365. Hoofdstuk 2, afdeeling 2, artikel 6 lid 1 lan lid 2, sub a ten eerste, lan ten tweede, poenapadéne sub b. Ing ngrikoe won-ten oengel-oengelan makaten:

art. 6(1). Tot lid van den raad (stadsgemeenteraad kadosdéné Soekabœmi) kunnen alleen verkozen

worden mannelijke Nederlandsche onderdanen, die ingezeten van Ned. Indië zijn etc. etc. ter beoor-deeling van den burgermeester vol-doende kennis bezitten van de Nederlandsche taal. (.... Sing kena dipilih dadi warganigraad moeng kawaela Nederland, doedoenoeng ing Indië Nederlnd, . . . lss. . . sing manoet panemoené burgermeester ndoewèni kawroeh basa Landjnoekoepi. Red.)

Jén kaggé warga Raad Kawaela, boten wonten oengel-oengelan ingkang kados makaten. (Zie Wet op de Staatsinrichting van Ned. Indië kawrat ing Ned. Staatsblad 1925, no. 234 lan 235, oet. Ind. Staatsblad 1925 no. 415 lan 416, tweede Hoofdstuk, art. 55, lid 1 sub a, b, c, d, d 1 lan 2. Dados inggih kenging mawi basa Indonesia.

Samanter oegi ing Provinciale Raad inggih boten kedah saged tjara Walandi.

Koela ingkang damel petikan kabar ing nginggil perloe mratélaikan bilih s.k. Het Nieuw's damel wawasan prakawis kaseboet, makaten: Ons lijkt deze weigering ongemotiveerd.

Art. 37 van de Locale Raden Ordonantie zegt nadrukkelijk in sub 2: „bij de beraadslaging kan zoowel de Nederlandsche als de Maleische taal gebezigd worden.“

Sub 3 gaat daar dieper op in en stelt vast, dat voor ledien die de Nederlandsche taal niet verstaan, éventueel een tolk ontbonden kan worden.

Wij begrijpen dan ook niet, dat de Raad een lid van Pasoendaan kon weigeren op onwettige gronden.

Tegesipoen kémawon: Panampikipoen Raad dateng sawoeng Pasoendaan waoe boten maton. Djer, art. 37 ing Localera-denordonantie njarisosaken bilih rerem-bagan ing ngrikoe kenging katindakaken mawi basa Walandi lan Majoe, malah sub 3, anjarijosaken manawi perloe kenging migoenakken djoeroe basa.

Bintang Timoer damel komentar makaten: „Kita poen tahoé bahwa di Medan, kota jang lebih besar dari Soekabœmi, ada lid jang selama n ja ber-bahasa Melajoe, jalih toean Abdullah Loebis, directeur Pawarta Deli, dan di Padang poen ada ledien jang berbahasa Melajoe sadja teroës, malah pemandangan oemoen tempo hari dipakai bahasa Melajoe oleh toean Taher gelar Mara Soetan. Di Volksraad poen ada lid jang teroës berbahasa Melajoe, sebab dalam oendang-oendang memang dizinkan. Kita heran dengan Soekabœmi matjam ini! Tetapi kita rasa tentoe Gedeputeerde Provin-ciale Raad West Java akan batakan itoe besluit jang aneh.“ A.S.D., red. Sw. T.

Opsir Indonesië.

Mitoeroet serat kekanttingan tang-gal 3 Agoestoes, toean - toean Soe-wardi, Mohamad Soedibjo lan Soe-topo sami kaangkat dados Litnan Infanterie klas 2. (Bintang Timoer). Mesjid mawi pirantos amban-tasaken swanten.

Mesjid ingkang sapisan mawi pirantos ambantasaken swanten (luidspreker) i.p. mesjid Soerakarta. Mesjid waoe dipoensoekani pirantos kaseboet 9, ingkang nem kanggé ngongrongan djaler, sanésipoen kanggé éstri.

Otefik Indonesië.

Dipoenangkat dados Indisch arts sadérèk Ramelan, (Karang Anjar, Kedoe kidoe). Katarimah iksam-enipoen Ind. Artsexamen pérangan kalih: Mohamad Iljas (Padang).

De Veertiende Club.

Saking tepangan koela, koela mireng pawarts bilih ing Soera-karta wonten pakempalan winados anama De Veertiende Club, sedya-nipoen anjegah oet. ngitjali tandoek ngrisak kasoesilan, merangi palan-jahan, lss. Kawertos pakempalan waoe panjamboet damelipoen tjant-toetan sanget. Pakempalan waoe panjamboet damelipoen sasarengan kaloewi, sarana serat boedeg.

Ing Ngajogjakarta ngriki, inggih wonten ébah-ébah makaten poenika dipoenpangagengi ingkang asi-singlon Kala, ing serat kabar Sedy-Tama. Pakempalan makaten poenika saestoe moerakabi. (Pak Tyon).

Pangiridan.

Bat. Nieuwsblad martosaken sa-wenéhing kaboeditidan karet ing Soekabœmi sampoen anindakaken pangiridan.

Salah satoenggiling toko Inggris, ngedakken blandjaning poengga-wanipoen 20%.

Prahara.

Aneta njarisosaken ing Asahan (Soematra pass. Wétan) ing onder-neming Aek Taroen distrik Bandar, tjetak Tg. Balai, mentas katradjung prahara. Ngrebahaken gria kongsi Tionghoa 5 woewoeng, sarta damel pedjhapiroen tjiang kalih.

Pest ing Bangkok.

Witwit tanggal 15 Agoestoes poenika ing Bangkok katradjung page-blög pest.

Adviseur M. D. dipointjepeng.

Saking Padang Aneta martosaken bilih tilas kepala Negari Batipoe Baroe tjetak Padang Pandjang t. Datek Rangkaja Mahardja, adviseur pakempalan Mohamad Dijah, dipointjepeng margi ngodjok-odjoki (mengasot).

Soedanipoen waragad tilgram Nederland—Indonesia.

Paréntah ngriki, boten saged njondongi ngedakken tarip tilgram Nederland—Indonesia.

Manoet pamiringipoen het Nieuws-

ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

SEMPAH LAN DODOK.

Ngantos ngoemandang doemoegi Raad. Kawaela.

Datengipoen tjiang mantja wonten Indonesia, andajané éwah - éwahan warni-warni. Oepami kémawon prakawis tata krami.

Kala roemijn, laré - laré Djawi dipoenpersoedi saestoe tata - krami Djawi: njembah, ndodok, lss. Ngantos, . . . wonten padatan tjiang tijoe-witakaken anak dateng prijantoe. Perloenipoen: soepados anggoeroe tata-krami Djawi.

Nanging, . . . djaman sapoenika, . . . djaman soemadoeloer (— oe-nelipenoen!) — pakoermatan njembah, ndodok, waoe, kaanggep langkah saking ngekat.

Roemijn, . . . moerid-moerid pamoelangan angka kalih, sami dipoenatoelaken kalijan boekoe Woelang Siswa.”

Nanging, djaman sapoenika, djam-an demokrasi, sampoen malih ingkang moeridipoen, tjatjak goeroenipoen pijambak soemerep woe-djoedipoen “Woelang Siswa” kémawon dèréng kinoer. Saweg pa-njeboetipoen laré angka kalih dateng goeroenipoen kémawon, inggih sam-poen wonten ingkang njéngkok Walandi: „mijnheer, menir —,“ ngantos kerep kémawon temboeng poenika dipoenwantjah dados: „nr. Malah kerep oegi dipoenater-ateri mas, dados mas-menir, lss.

Djaman roemijn, „tjiang saged njembah, ndodok, poenika dipoen-prada. Nanging djaman sapoenika, adakanipoen dipoenewani, apes dipoen - goegoedjeng, inggih sanadjon temboeng poenika dipoenwantjah dados: „nr. Malah kerep oegi dipoenater-ateri mas, dados mas-menir, lss.

O mingset-minseting djaman!

Éwah - éwahan makaten poenika awon poenapa saé?

Prakawis poenika, koela borong-aken pandjeneng pijambak! Patjar Mérah namoeng saged matoer: „Ka-bekta saking ébahing djaman, te-tijoe tjiang Djawi ingkang anggondéli tata-krami Djawi deles, badé kawon desoek. Ateges oegi: kaeom kolot, kawon desoek kalijan kaeom moeda.“

Roemijn, prijantoe B.B. poenika karem ndodok lan njembah, didodoki lan disembah!

Nanging ing djaman soemadoeloer poenika, pandjeneng meningi won-ten Boepati andawoehaken ngilangi sembah.

Nembé poenika kémawon, kong-grésipoen prijantoe B.B. (pakem-palan P. P. B. B.) ing Soerakarta, damel motie: ngitjali sembah, dodok.

Dados, golongan B. B. ingkang waenipoen karem sembah-systeem, ing djaman kemadjoean poenika ngemohi! Loerah ingkang taksih ngalami kedah nglésed wonten sa-nadjaréng ipoendakken ndara Dana lan nda-ra Seté, bokmanawi margi dañanig motie waoe badé mindak dipoen-adjéni bendaranipoen sakedik! Pendapa kawedanan, oet. ngasisténan (— ingkang dèréng —), margi dañanipoen motie ing nginggil, bok-manawi kémawon inggih ladjeng isi koersi katal, soedijan paloeng-goehanipoen loerah-loerah doesoan manawi ngleresi klempakan wonten kawedanan oet. ngasisténan.

Boten namoeng ing kalangan B. B. kémawon, ingkang katingal (badé) ngitjali sembah-dodok. Ing djagad goeroe, sampoen dangoe inggih kapi-reng swanten boten remen manawi wonten goeroe nglésedi, ndodoki, oet. njembah bendara kangdjeng toewan Insepétoer, oet. bendara Sekoelopsiner.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji
dan Toekang emas.

Adres jang
moerah

DJOKJA BANDOENG
Telf. 252 Telf. 226
boeat LONTJENG, HER-
LODJI dan PERKAKAS
EMAS.
Pembatja
SWARA TAMA,
dengan bawa lembaran
Swara Tama
dapat POTONGAN.

PAKOLEH TOER LOEWESAN
SAE TOEWIN AWET
INGGIH NAMOENG
MERK GAZELLE
INGKANG AWOEDJOED
ALCYON DUNLOP R. I. W.
RIJWIELEN
Nitjil kenging! — Kentjeng soekoer!
GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG
MALIOBORO — DJOKJA — TELEF. 508.

TOKO BARANG - BARANG

H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5.75.
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;
Kereta dan korsi boeat anak-anak;
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan
— permainan boeat anak-anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN
MOERAH SEKALII

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik
boewat pembikinannya.

ROTE - ROTIE, KOEWEE - KOEWEE dan
BESCHUIT - BESCHUIT KERING.
SROETOE - SROETOE dan ROKOK -
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die
giling dengan machine Electries, bisa giling aloes
dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per
pond f 0.90.

Bolih dateng saksiken!

Memoedijken dengen hormat
Toko DJOEN & Co.

TJET GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoon ngagem.
kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo:
sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJET GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet
namoeng kantoon ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;
5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R.B. FRIELING
Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

MANTJA NEGARI.

HINDOE. Manoet tilgram saking
Simla 17 Agoestoes, Bangsa Afriki
taksih sami damel reresah. Opsir
wadyabala Inggris wonten ingkang
pedjah satoenggal.

Montor maboer gadahanipoen mi-
litir sami toemandang, sarta inggih
damel girisipoen tetijang Hindoe. Kala
tanggal 16, wadya kabangsang ing-
kang sami wonten goewa-goewa
Khajurie poenapadéne ing Basra,
samidipoendawah bom saking nging-
gil. Tjatjahing tijanig ingkang wonten
goewa-goewa lan ing distrik Pesha-
war, katjarisos sampoen soeda. Kala
Rebo lan Selasa, montor maboer
inggih andawahaken bom wonten
distrik Opper-Kuram, andjalari ka-
pitoen katah, lan tetijang ingkang
damel reresah wonten ngrikoe la-
djeng sami késab. Sanadyan ma-
katen, nanging wadya kabangsang
waoe inggih dèrèng saged
karesikaken saëstoe, taksih katah
ingkang sami wonten ing goewa-
goewa sakidolipoen lèpèn Bara.
Kadji ing Toeranzai taksih teroes
angiroep bala saking kalangan Islam.
Hooge Commissaris ing distrik Lèr
Kilèn saoeroetipoen wates, angoen-
dangaken oerdang perang.

25%, tjatjahing kaoem berah mindak
22%, lan barang-barang wedalan pa-
brik pangaosipoen mindak 47%.

Ing taoen '29, barang wedalan
pabrik pangaosipoen langkoeng kaa-
tah tinimbang kala taoen '28, i. p.
wonten 1400 miljoen Mark - Finsch
(1 dollar wonten 37 Finscher marken).
Goenggoeng export wonten 6430
miljoen, déné import total djéndral
wonten 7000 miljoen kiranga sake-
dik . . . Mekaten tjarijosoepen
United Press Staf Correspondent
(Midden Java).

DJEPANG. Tjatjahing tijang
nganggoer saja mindak. Paréntah
sadjak boten angrembag tetijang ing-
kang sami nganggoer, margi Nagari
pijambak karépotan prakawi arta.

Ing djagad padagangan, katah ti-
jang dipointjopot, dipointlongi blan-
djanipoen. Tijang éstri saé-saé katah
ingkang nindakaken katjoelikan, ing
pangangkah sageeda ngreksa gesang-
ing pamili. Wonten panoentoen pro-
letarisch medjahi bodjonipoen lan
anakipoen sakawan. Wasana badani-
poen pijambak ladjeng nglaloe.

Wonten serat tilaran saking tijang
djaler, njarijosoaken: tijang mlarat
boten gadah pangadjeng-adjeng ges-
ang wonten kawontenan Djepang
samangké poenika.

Nanging dokter, anggadahi pa-
manggih katabipoen tijang sami nglaloe
lan medjahi tijang poenika margi
telesing hawa kabekta saking sapo-
enika sawej mangsa rendeng. Kadji
poenika, Djepang inggih mentas ke-
tradjang hawa bentèr.

Paréntah mentas noendoeng ac-
countant kantor Sovjethandelscom-
missaris, anama Kroepentik, margi
damel propaganda bolsjewistisch; ma-
katen tjarijosoepen pembantoe North
China Daily Newsing Tokio. (B.T.).

FINLAND. Padagangan madjeng.

Finland, anggandeng Scandinavie
kalijan tanah-tanah saganten Wé-
tan. Finland soegih wanagrodjogan
toewin tlaga kados Zweden lan
Noorwegen. Sitinipoen loh. Sabak-
danipoen perang. Finland merdika,
ladjeng ngoediengadjengaken pabrik-
pabrik. Sabakdanipoen taoen '24,
ladjeng katingal madjeng. Wiwit taoen '24 waoe, mitoeroet pétangan sa-
poenika, tjatjahing pabrik mindak

Boest toean poenja

ER
ERCEE
EE

APOTHEKEN

Rathkamp
& Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGÈNT KANGGÉ SALEBETIPOEN
NGAJOGJAKARTA.

Sepeda - sepeda merk:
SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.

TOURIST: A. A. sarta A.

Sedija oegi sepeda merk:

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55,—, f 65,—, f 75.—
saprabotipoen: Klinting, pompa, lentéra sarta tas isi perka-
kas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.

Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen
tosan sarta tjèt wénter.

PENJADÉJAN KENTJENG SARTA KATJITJILAKEN.
Menawi perloe moendoet keterangan, badé kakintoen pratélan-
poen kalajan lelahanan.

Njenjadang Welingan.

Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:
„WIRJOSOESEN“

Lodjiketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa	6.-7.30.	Lamah	5.30 - 6.8.	Pekalongan ④	6.30 - 8.	Kependjén	6 - 7 - 9.
Amboina	7.30.	Lawang ⑤)	7.	Pemangkat	8.30.	Anita Boul.	6 - 7 - 9.
Bagan Siapi-api	7.30.	Madioen	6 - 7.30.	Poerwokerto	7.30.	Soerakarta	6 - 7 - 8.30.
Bandoeng	6 - 7.30 - 9.	Magelang	7 9.	Poerworedjo	7 - 8.30.	Tandjoeng Balai	7.30.
Benkoelen	7.30 - 9.	Makassar	6 - 7.30.	Pontianak	7 - 8.30.	Tandjoeng Karang	8.
Blitar	7.30.	Malang	6 - 7.15 - 8.30.	Probolinggo	7.30.	Tandjoeng Sakti	7.30.
Buitenzorg	6 - 8.	Manado	6 - 7.30.	Salatiga	7.30.	Tara-Tara	7.30.
Cheribon	7.30.	Medan	6.30 - 8 - 8.30 (tjina).	Sambas	6 - 8.30.	Tegal	6.30 - 8.
Djember	7.30.	9.30 (mal).	Medari ⑥)	Samboeng	8.	Tering	7.
Djokja:		Jav. 6 - 8.	Meester Corn.	Sawah Loento	7 - 8.30.	Tjilatjap ⑧)	7.30.
Kampementstraat	Eur. 7 - 9.	Kota Baroe	6 - 7.30.	Mendoet	6 - 7.30.	Tjimahi	6 - 8.
		Djombang ①)	7.30.	Modjokerto	6 - 8.	Tomohon	7 - 8 - 9.
		Fort de Kock	7.30.	Moentilan	5 - 6 - 8.	Watex ⑦)	7.
Gandjoeraen ②)	7.	Gombong ③)	7.30.	Munto	8.	Weltevreden:	
		Keboemen ④)	7.30.	Ngawi ⑤)	7.30.	Waterlooplein	5.45 - 7 - 9.
		Kediri	7.30.	Padang	7 - 8.15 - 9 (tjina).	Kramat	6 - 8 - 9 (mal).
		Klaten	7.30.	Padang Pandjang	7.30.	Wonosobo ⑧)	7.30.
		Koeta Radja	6.30 - 8.	Pajakoembo	7.30.	Woloan	8.30.
				Palembang	7 - 9.		
				Pasoeroean ①)	7.30.		
				Heuvel	5.30.		
				Soerabaja:			

①) 1e. Achad.

②) 1e. + 3e. Achad.

③) 2e. Achad.

④) 1e. Achad tia² doea boelan.

⑤) 1e., 2e., 4e. Achad.

⑥) 2e., 4e. Achad.

⑦) 3e. Achad.

⑧) 3e. Achad.

NGOEPADOS

réntjang éstri (sokoer Katholieke), tjekap
ing oemoer, mrantasi pendamelan ing
pawon toewin kenging pinitados mo-
mong laré-laré.

Kanggé fam. J. C. O. Hadiwardaja
Pagilaran Pekalongan.

Blandja: f 5.— sawoelan. Neda toe-
win tilem nglebet. Katrangan dateng

ADMINISTRATIE Swara Tama.

KLEERMAKER ACHMAD
TAMBAKSEGARAN
SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng
mawi modèl warni-warni; oegi nampi
welingan badé roepi-roepi.

DAMELANIPOEN NÈTJES:
ÉPAHANIPOEN PANTES.

EIGENAAR ACHMADJASIN